
Prefas a Kòd Disiplin Lekòl Piblik "Lynn" yo

Komite lekòl "Lynn" lan te adopte kòd disiplin sa a nan lide pou ankouraje yon pi wo nivo nan estanda konpòtman nan lekòl piblik "Lynn" yo, pandan l'ap balanse tou dwa elèv yo. Lè li ap adopte kòd disiplin lan, komite lekòl lan espere bay tout elèv yo yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki ap pran swen, sa ki favorize yon devlopman akademik, konpòtman, ak sosyal-emosyonèl.

Komite lekòl lan rekonèt enpòtans valè debaz lekòl piblik "Lynn" yo, ki gen ladan li enklizyon, gwo atant yo, kolaborasyon, responsabilite pataje, ak enspirasyon aprantisaj pou tout lavi a, menm jan yon gen relasyon avèk disiplin. Konsekans disiplinè yo ki enkli nan Kòd Disiplinè a konsistan avèk sa ki tabli nan lwa aplikab yo. Menm lè ke lwa yo pèmèt fleksibilite nan administrasyon disiplin nan, Kòd Disiplin nan ta dwe administre avèk jistis ak ekite, pandan l'ap pran an konsiderasyon sikonstans endividyèl yo nan chak ensidan move kondwi elèv yo.

Degre, frekans, ak sikonstans ki antoure chak ensidan dwe fè enpak sou metòd yo ki itilize nan ranfòsman Kòd Disiplin nan, epi yod we aplike pwogresivman aksyon disiplinè yo. Pa egzanp, yo ta dwe itilize avèk anpil atansyon aksyon disiplinè ki disponib yo ki gen ladan sispansyon lekòl, ekspilsyon, aka vi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

Anplis Kòd Disiplinè a, lekòl piblik "Lynn" yo itilize tou sipò, prevansyon, ak mezi ki sanble pou ankouraje yon estanda konpòtman wo. Pandan mezi sa yo kapab egziste tou andeyò Kòd Disiplinè a, yo pa gen mwens enpòtans.

Rekonèt ke disiplin se yon responsabilite doub pou kay la ak pou lekòl la, komite lekòl la te adopte Kòd Disiplinè a avèk opinyon divès entèvenan, ki gen ladan lan li lidèchip distri lekòl la, edikatè yo, ak administratè yo, menm jan ak paran yo ak elèv yo tou.

Finalman, yo raple elèv yo sijè a Kòd Disiplinè a nan etablisman lekòl yo, sou pwopriyete lekòl la, sou wout pou ale ak soti lekòl, nan otobis yo, oswa lòt transpòtasyon lekòl, epi ak nan evènman lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la tankou pwomnad yo, evènman atletik yo, epi ak evènman ki pa atletik yo. Elèv yo sijè a règleman manyèl Distri Lekòl Piblik "Lynn" yo. Anplis elèv yo sijè a nenpòt lwa kriminel ak sivik ki egziste epi ki aplike a aksyon yo a nenpòt ki lè.

Kòd Disiplinè

Elèv yo sijè a Kòd Disiplinè a nan etablisman lekòl yo, sou pwopriyete lekòl la, nan wout pou ale ak soti nan lekòl, nan otobis, oswa lòt transpòtasyon lekòl, epi ak nan evènman lekòl lan patwone, oswa ki gen rapò ak lekòl la tankou pwomnad yo, evènman atletik yo, ak evènman ki pa atletik yo.

Elèv yo sijè tou a manyèl règleman Lekòl Piblik "Lynn" yo, menm si wi ou non yo espesyalman referansye anba a.

Anplis elèv yo sijè a nenpòt lwa kriminel ou sivik ki kapab egziste epi ki aplike a aksyon yo an a nenpòt ki lè, si wi ou non yo espesyalman referansye anba a.

Yo te itilize sipò, prevansyon, ak mezi ki sanble yo nan lekòl piblik "Lynn" yo nan adisyon Kòd Disiplinè a, nan lide pou ankouraje yon estanda konpòtman pi wo.

1.0 Pwoblèm ki gen rapò ak prezans

Ofans sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi kapab lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa pwosedi tribunal atravè yon aplikasyon "CRA (Child Requiring Assistance)" (timoun ki mande asistans).

- 1.1 Absans
- 1.2 Sote klas
- 1.3 Absans ki an vyolasyon avèk règleman prezans lan (gade dosye "JH" a nan manyèl règleman Distri a ak/oswa nenpòt dokiman nan manyèl ki sanble ak/oswa siksesè a)
- 1.4 Anreta (san rezon)
- 1.5 Ranvwa yo (sof si direktè oswa reprezantan yo akòde li)
- 1.6 Utilizasyon otomobil pandan lè lekòl yo
- 1.7 Vyolasyon règ lakou lekòl lan fèmen (Tout elèv dwe rete sou pwopriyete lekòl lan pandan tout jouen lekòl la.)
- 1.8 Pa prezante sal klas prensipal yo
- 1.9 Pa prezante nan biwo a lè yo rive anreta lekòl la

2.0 Ensidan lekòl yo

Ofans sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi kapab lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 2.1 Pran poul
- 2.2 Falsifikasyon dokiman lekòl yo
- 2.3 Konpòtman deranje
- 2.4 Move konpòtman repete ak/oswa kontinyèl
- 2.5 Refize satisfè estanda konpòtman klas la
- 2.6 Pa retounen ekipman lekòl la te prete yo, liv yo, oswa nenpòt lòt pwopriyete lekòl la
- 2.7 Pa prezante pou detansyon
- 2.8 Pa prezante lè retounen bay anplwaye lekòl la
- 2.9 Pa retounen dokiman ofisyèl lekòl yo ki mande yon siyati

- 2.10 Ensibòdinasyon
- 2.11 Voye nan biwo a de fwa nan yon sèl jou
- 2.12 Delenkan abityèl lekòl la
- 2.13 Jwèt aza
- 2.14 Demonstrasyon san otorizasyon
- 2.15 Operasyon danjere mahin yo oswa lòt mòd transpòtasyon sou pwopriyete lekòl (ki gen ladan li, men pa limite a sa sèlman machin yo, camyon yo, motosiklèt yo, bisiklèt yo, planch a roulèt, paten a roulèt/ paten, elatriye.)
- 2.16 Utilizasyon senbòl gang oswa lòt ekspozisyon apatenans a gang (gade dosye "JICF" manyèl règleman Distri a ak/oswa nenpòt dokiman manyèl règleman ki sanble ak/oswa siksesè)

3.0 Aparans elèv la

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi kapab lakòz: Pou yo avèti paran pou pote abiman apwopriye a, detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, ak/oswa sispansyon.

- 3.1 Vyolasyon Kòd Abiman Elèv la oswa Règleman Aparans Elèv la (Gade dosye Manyèl Règleman Distri "JICA" a ak/oswa nenpòt simile ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a).

4.0 Aparèy Elektwonik ak lòt atik yo

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ka lakòz: Konfiskasyon aparèy/atik la, detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, ak/oswa sispansyon.

- 4.1 Règleman Vyolasyon Aparèy Elektwonik (Gade manyèl Règleman Distri ____ ak/oswa nenpòt dokiman ki sanble ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a).
- 4.2 Posesyon nenpòt aparèy elektwonik oswa lòt atik elektwonik ki lakòz nenpòt dezòd oswa distraksyon nan pwosesis aprantisay la oswa mete sante oswa sekirite andanje.

5.0 Kraze brize ak piyaj ak domaj sou pwopriyete

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 5.1 Domaj pwopriyete oswa nenpòt kalite destriksyon
- 5.2 Grafiti, degradasyon pwopriyete a, oswa nenpòt kalite kraze brize ak piyaj

6.0 Agresyon, ak kondwit ki sanble ak sa

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ekspilsyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 6.1 Agresyon sou yon anplwaye depatman lekòl la oswa lòt anplwaye edikasyon nan lokal lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la patwone oswa evènman ki gen rapò ak lekòl
- 6.2 Utilizasyon oswa posesyon objè oswa zam danjere (gade dosye manyèl règleman distri a "JICI" ak/oswa nenpòt dokiman ki sanble ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a; Remak: Zam afe sijè tou a "M.G.L. c. 269 § 10")

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 6.3 Agresyon, kou ak blesi, oswa nenpòt lòt kontak fizik ki endesirab oswa inapwopriye sou yon elèv

- 6.4 Goumen ant elèv yo
- 6.5 Menas vèbal sou moun ak/oswa pwopriyete a
- 6.6 Fè sèman sou anplwaye lekòl la oswa lòt anplwaye edikasyon an
- 6.7 Brimad (gade dosye manyèl règleman distri a "JICFA" ak/oswa nenpòt dokiman ki sanble ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a); Remak: Brimad sijè tou a "M.G.L. c. 269 § 17")
- 6.8 Mete andanje nenpòt ki fason sekirite sante fizik oswa mantal/emosyonèl yon anplwaye depatman lekòl la oswa lòt anplwaye edikasyon oswa elèv

7.0 Arasman/Entimidasyon

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 7.1 Arasman (kit li arasman seksyèl oswa nenpòt lòt fòm arasman) sou yon anplwaye depatman lekòl la oswa lòt anplwaye edikasyon oswa elèv (gade dosye manyèl règleman distri a "JICK" ak/oswa nenpòt dokiman ki sanble ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a)
- 7.2 Entimidasyon (gade dosye manyèl règleman distri a "JICFB" ak/oswa nenpòt dokiman ki sanble ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a); Remak: Entimidasyon sijè tou a "M.G.L. c. 71 § 370")

8.0 Dife ak ensidan ki gen rapò ak dife

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 8.1 Mete dife
- 8.2 Lakòz yon fo alam dife oswa lòt alam, oswa rele 911 san rezon
- 8.3 Itilizasyon ki pa apwopriye yon aparèy pou etenn dife
- 8.4 Posesyon, utilizasyon, vant, oswa distribisyon fedatifis

9.0 Vòlè

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 9.1 Vòlè, vòl, oswa nenpòt ki kalite vòl

10.0 Antre san otorizasyon

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 10.1 Antre san otorizasyon nan pwòp lekòl elèv la pandan lè ki pa lekòl
- 10.2 Antre san otorizasyon nan lòt lekòl ki pa pou elèv la pandan lè lekòl oswa pandan lè ki pa lekòl
- 10.3 Antre nan yon pwopriyete piblik oswa prive pandan lè lekòl oswa ki gen rapò ak transpòtasyon lekòl

11.0 Dwòg yo, Alkòl, Tabak, Nikotin, sibstans kontwole yo, ak ekipman

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ekspilsyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

Posesyon yon sibstans kontwole (dwòg yo)

Enfraksyon sa yo sijè a "M.G.L. c. 71 § 37H ¾" epi ki ka lakòz: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, sispansyon, ak/oswa avi bay lapolis lokal oswa lòt otorite legal apwopriye yo.

- 11.1 Posesyon alkòl
- 11.2 Lè ou anba enfliyans sibstans kontwole oswa alkòl
- 11.3 Fimen, "vaping", oswa lòt itilizasyon tabak oswa nikotin (gade dosye manyèl règleman distri a "JICG" ak/oswa nenpòt dokiman ki sanble ak/oswa dokiman Manyèl Règleman ki vini aprè a)
- 11.4 Posesyon dwòg, fimen, oswa ekipman "vaping"

12.0 Krim yo

Kapab lakòz sispansyon si direktè lekòl detèmine ke prezans kontinyèl elèv la nan lekòl la ka genyen yon gwo efè prejidi sou byennèt jeneral lekòl la anba "M.G.L. c. 71 § 37H ½". Kapab lakòz tou: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran.

- 12.1 Lè yo bay yon plent kriminèl ki akize yon elèv de yon krim oswa emisyon yon plent krim delenkans kont yon elèv

Kapab lakòz ekspilsyon si direktè lekòl detèmine ke prezans kontinyèl elèv la nan lekòl la ka genyen yon gwo efè prejidi sou byennèt jeneral lekòl la anba "M.G.L. c. 71 § 37H ½". Kapab lakòz tou: Detansyon (nenpòt kalite), konferans paran, ak/oswa sispansyon.

- 12.2 Lè yo kondane yon elèv pou yon krim oswa yon jijman oswa admisyon nan tribinal la pase li koupab de yon krim oswa yon krim delenkans

Definision Tèm yo

1. **Detansyon Pwofesè** – Tan disiplinè ranfòse pa pwofesè.
2. **Detansyon Biwo** – Tan disiplinè asiyen aprè lekòl ranfòse pa direktè a owa reprezantan yo.
3. **Sispansyon** – (Sispansyon kout tèm ak lon tèm; sispansyon nan lekòl la ak andeyò lekòl la).
 - a. Sispansyon kout tèm vle di yo retire elèv la sou pwopriyete lekòl la ak aktivite klas regilye yo pou dis (10) jou lekòl swivi swivi oswa mwens.
 - b. Sispansyon lon tèm vle di yo retire elèv lan sou pwopriyete lekòl la ak aktivite klas regilye yo pou plis pase dis (10) jou lekòl swivi swivel, oswa pou plis pase dis (10) jou lekòl kimilativman pou plizyè ofans disiplinè nan nenpòt ane lekòl.

Sispansyon yo ka rive nan lekòl oswa andeyò lekòl. Yon sispansyon nan lekòl vle di rete yon elèv nan aktivite regilye klas yo, men pa nan lokal lekòl la, pou plis pase dis (10) jou lekòl swivi regale, oswa pou plis pase dis (10) jou lekòl kimilativman pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la.

4. **Ekspilsyon** – Retire yon elèv sou pwopriyete lekòl la, aktivite regilye klas yo, ak aktivite lekòl you pou plis pase 90 jou lekòl yo, endefiniman, oswa pèmanan, dapre "M.G.L. c. 71 § 37H, 37H ½", ak/oswa "37H ¾".
5. **Restitasyon** – Pèmanan pou pèt oswa domaj nan pwopriyete pèsonèl oswa lekòl.
6. **Pwogram Detansyon Samdi** – Yon pwogram etid akademik yo bay nan yon samdi maten yo deziyen pandan ane lekòl la.